

LEGENDA DANAU TOBA

Sawijining dina ana petani sing sregep banget tandhang gawe dheweke urip ing wilayah Sumatera.

Petani mau urip ijen tanpa batih. Saben dinane petani mau nyambut gawe golek iwak lan nggarap sawah. Mengkono iku dilakoni dheweke kanggo nyukupi kebutuhane sedina-dina.

Sawijining dina, petani mau lunga menyang kali ing cedhak omahe, dheweke nduwe gagasan nggolek iwak ing kali kanggo lawuh dina iki.

Kanthi mung berbekal panggon iwak, pancing siji, lan pakan, dheweke nuli mangkat menyang kali. Sakwise teko ing kali dheweke langsung nguncalke panjinge.

Sak suwene nunggu pancinge dipangan iwak, dheweke ndonga, "Duh Gusti Allah, mugi-mugi kula saged angsal iwak akeh ing dina iki". Sawetara wektu sakwise ndonga, pancing sing diuncalne mau ketok obah-obah.

Petani mau cepet-cepet nggeret pancinge. Petani tersebut seneng banget, amargi dheweke oleh iwak sing gedhe banget.

Sakwise sawetara wektu ndeleng iwak pakolehe mancing, dheweke kaget banget. Jebule iwak sing ditangkep mau bisa ngomong. "Tulung aku aja dipangan Mas!! ngeculna aku ing kali maneh!", bengok iwak kasebut.

Tanpa akeh takon, iwak sing ditangkep mau dibalekake ing njero banyu meneh.

Sakwise mbalekne iwak ing njero banyu, petani kuwi tambah kaget, amargi dumadakan iwak tersebut ganti wujud dadi wong wedok sing ayu banget.

"Aja wedi Mas, aku ora bakal arep nglarani awakmu", tembung si iwak. "Sapa kowe iki sabener? Kowe iku seekor iwak tha?", takon petani mau wedi. "Aku iku putri sing dikutuk, amargi nglanggar aturan kerajaan", jawab wedok mau. "Maturnuwun kowe wis mbebasne awakku saka kutukan kuwi, lan dadi imbalane aku gelem kok kok dadekne bojomu", tembung wedok kuwi.

Petani kuwi ya setuju. Akhire Petani lan wong wedok mau rabi. Nanging, ana siji omongan sing wis disepakati, yaiku pasangan mau ora kena nyaritake menawa asal-usul Puteri iku saka seekor iwak. Yen ngomong kuwi dilanggar bakal ana kedadean petaka dahsyat.

Sakwise rabi, petani lan bojone mau akhire bahagia, amargi bojo Petani rahayu bayi lanang kang bagus, kang jeneng Samosir.

Samosir tuwuh dadi bocah sing bagus banget lan kuwat, nanging ana kebiasaan sing nggawe bingung kabeh wong. Samosir iku sanuli rumangsa luwe terus, lan ora tau rumangsa wareg.

Kabeh jatah panganan dipangan tanpa turah sak itik wae.

Sawijining dina Samosir oleh tugas saka ibune kanggo ngirim panganan lan wedang ing endi bapake lagi tandhang gawe menyang sawah .

Nanging tugase ora rampungake. Kabeh panganan sing sakudune kanggo bapake dipangan nganti entek, lan sakwise kuwi Samosir keturon ing sawijining gubug.

Pak tani nunggu tekane anake, kanthi klawan nahan ngelak lan ngelih. Amarga ora tahan lan ngelak ngelih, mula petani banjur mulih menyang omah. Ing tengah dalan mulih, petani mau weruh anake lagi turu ing gubug.

Dheweke banjur nangekne samosir "Hoey, tangi-tangi!, bengok petani kasebut.

Sakwise anake tangi saka turune, petani kuwi banjur ngalap pangananane. "Endi panganan kanggo bapak le?", takon petani kuwi. "panganane wis entek dak maem, Pak", jawab Samosir.

Kanthi nada dhuwur petani mau banjur nggrumbel maring anake. "Anak ora ngerti diuntung, ora ngerteni awak ! Dhasar bocah iwak!", umpat Petani mau tanpa eling sing diomongne tembung pantangan biyen saka bojone.

Sakwise petani ngucap tembung-tembung kasebut, wektu kuwi langsung anak lan bojone uga ilang lenyap ora ana jejak lan bekas.

Saka bekas idakan sikile, dumadakan nyembur banyu sing deres banget miline. Banyu mbludak dhuwur banget lan amba nganti mbentuk telaga.

Akhire mbentuk siji tlaga lan tlaga kuwi akhire dijenengi kanthi jeneng Danau Toba ing pulo Samosir.